

Nivo Estrateji Adaptasyon yo

Adapte nan C40 Knowledge Hub

1. **Adaptasyon Reyaktif** (preparasyon pou ijans)

Adaptasyon reyaktif konbat konsekans imedya danje klimatik yo, pwoteje epi restore sante moun, kalite lavi, ak sistèm vil oswa komin *pandan ak imedyatman apre* katastwòf ki gen rapò ak klima. Aksyon adaptasyon reyaktif yo ka enkli, pa egzanp:

- Yon ogmantasyon tanporè nan sèvis akèy lopital la pandan yon vag chalè,
- Mete sak sab pou detounen dlo pandan yon inondasyon,
- Itilize yon sistèm kominikasyon ijans, oswa
- Achte dlo tanporèman pandan yon sechrès.

Adaptasyon reyaktif ka efikas rapidman akoutèm, men benefis yo pa dire lontan. Depans yo ka wo si entèvansyon yo bezwen repete, epi entèvansyon yo ka ensifizan pou fè fas ak danje klimatik alavni. Adaptasyon reyaktif ka konsidere menm jan ak jesyon ijans oswa preparasyon pou ijans.

2. **Adaptasyon Prevantif** (rediksyon risk danje)

Adaptasyon prevantif redui konsekans negatif danje klimatik yo, li vize pwoteje sante moun, kalite lavi yo, ak sistèm vil oswa kominote yo pou *anpeche* evènman danje sa yo tounen katastwòf. Aksyon adaptasyon prevantif yo ka enkli, pa egzanp:

- Konstriksyon pwoteksyon kont inondasyon kotyè,
- Enstale sistèm èkondisyone ki ekonomize enèji nan espas kominote yo,
- Plante pyebwa oswa kreye espas vèt nan zòn ki gen anpil asfalt,
- Lanse kanpay edikatif sou risk klimatik, oswa
- Aplike règleman/politik konsèvasyon dlo.

Opsyon adaptasyon prevantif yo gen tandans koute plis sou tèm mwayen oswa long, epi yo ka pa ase pou diminye tout risk klimatik

kominote a ap fè fas alavni. Sepandan, yo efikas pou diminye risk e yo souvan relativman senp pou planifye, kòm yo sèvi ak metòd epi teknoloji ki deja byen etabli. Nan kèk sans, adaptasyon prevantif ka konsidere tankou rediksyon risk danje.

3. **Adaptasyon Transfòmatif** (bati rezilyans klimatik)

Adaptasyon transfòmatif atake kòz rasin risk ak vilnerabilite klimatik yo, sa ki fè konsekans danje klimatik yo mwens kòm avan oswa grav anpil. Aksyon sa yo konsantre sou chanjman fondamantal nan fason kominote a fèt oswa fonksyone pou diminye vilnerabilite jodi a ak alavni. Aksyon adaptasyon transfòmatif yo ka enkli, pa egzanp:

- Chanje fason wout ak lari yo fèt pou enkli opsyon transpò ki pi sekirize ak aksesib pandan w ap entegre enfrastrikti vèt/elektrik ki diminye chalè ak risk inondasyon,
- Fè lavi nan kominote a pi sekirize ak plis abòdab atravè agrandisman ak pwoteksyon opsyon lojman rezilyan ak abòdab,
- Sèvi ak espas piblik pou jaden kominotè ak forè manje ki konsantre sou ogmante jistis alimantè,
- Aplike kòd konstriksyon ki mande pou efikasite enèji wo ak twati ki refwadi, oswa
- Elaji fòmasyon travay oswa devlopman fòs travay pou bati nouvo kapasite nan travay ki gen rapò ak rezilyans klimatik.

Aksyon adaptasyon transfòmatif yo pi efikas nan adrese risk klimatik epi diminye bezwen pou mezi reyaktif ak prevantif, pandan y ap bay benefis siplemantè pou vil oswa komin lan ak rezidan li yo. Paske konsepsyon ak aplikasyon mezi adaptasyon transfòmatif yo pi konplèks e yo mande kontribisyon anpil patenè, pri inisyal pou aplike yo gen tandans pi wo, men yo souvan pi ekonomik alontèm. Adaptasyon transfòmatif refere l tou a bati rezilyans klimatik.

—

Definisyon ki anlè yo sòti nan C40 Knowledge Hub. C40 Knowledge Hub se yon resous pou gouvènman minisipal ki vle pran aksyon kont chanjman klimatik. Sit la rasanble yon seri resous, enfòmasyon pratik, ak zouti pou sipòte moun ki pran desizyon yo. Gwoup Lidèchip Klima Vil C40 (C40 Cities Climate Leadership Group) ranpli ak kenbe Knowledge Hub la. Pou plis enfòmasyon, gade: c40knowledgehub.org